



Avantaj sèvis entènèt rapid an ijans lan se yon pwogram FCC tanporè pou ede kòkay k ap debat pou jwenn mwayen pou peye sèvis entènèt pandan pandemi a.

Avantaj yo founi:

- Jouk 50\$ rabè pa mwa pou sèvis entènèt rapid;
- Jouk 75\$ rabè pa mwa pou kòkay ki sou teren yon tribi ; epi.
- Yon sèl rabè inik ki gendwa jouk 100\$ pou yon laptop, òdinatè fiks, oubyen tablèt ki achte nan magazen k ap patisipe nan pwogram lan.

Wè si w kalye epi fè yon aplikasyon

Sonnen: 833-511-0311

Gade nan: [GetEmergencyBroadband.org](https://www.getemergencybroadband.org)



Ede kòkay konekte pandan pandemi a

Emergency Broadband Benefit

Èske w admisib?

Yon kòkay admisib si yon moun nan kòkay la satisfè youn nan kritè ki annapre a:

- Gen yon revni ki egal oubyen mwens pase 135% direktiv federal sou povrete (Federal Poverty Guidelines) oubyen patisipan nan sèten pwogram asistans gouvènmantal.
- Resevwa avantaj nan kad pwogram kantin midi oubyen maten gratis oubyen a ba pri lekòl la.
- Resevwa yon sibvansyon Pell federal pandan ane prim alèkile a.
- Sibi yon gwo pèt salè an rezon pèt anplwa oubyen konje depi samdi 29 fevriye 2020.
- Satisfè kritè admisiblite pou moun ki gen ti salè oubyen pou pwogram COVID-19 yon konpayi k ap patisipe nan pwogram lan.

Kijan pou fè yon aplikasyon

Gen twa fason pou fè yon demann pou avantaj sèvis entènèt rapid an ijans lan:

1. **Kominike an dirèk avèk konpayi ou pi pito a** pou w konnen pwosesis aplikasyon pa yo a.
2. **Gade nan [GetEmergencyBroadband.org](https://www.getemergencybroadband.org)** pou w ranpli yon aplikasyon anliy epi pou w jwenn yon konpayi pre lakay ou a k ap patisipe nan pwogram lan.
3. **Ranpli yon aplikasyon pa lapòs ba ou epi voye aplikasyon an avèk prèv ou kalifye bay:**

Emergency Broadband Support Center
P.O. Box 7081
London, KY 40742

